

Atansyon Fanmi kap Antre nan Jadendanfan (K2)



NOUVO DAT NOTIFIKASYON TEST K2 AK PLASMAN LEKOL

Lekòl Piblik Boston va notifie fanmi ki enskri pou Jadendanfan-yo (K2) sou plasman lekòl-yo nan email 10 Avril e atravè lapòs 17 Avril – olye de dat 20 Mas ki te annonse-a. Delè sa-a pèmèt BPS teste elèv kap antre nan K2-yo sou devlopman langaj-yo nan mwa mas-la, ki pèmèt-yo pou yo resevwa plis tan aprantisaj toujou pou yo devlope abilte nan Anglè. Chanjman sa-a nan tèst-yo osi obligatwa selon nouvo règleman gouvènman eta-a ak règleman gouvènman federal-la. Dat notifikasyon-yo pou lòt klas-yo pap chanje.

Byenke nou apresye enpòtans pou nou bay notifikasyon plasman-yo a lè, nou dwe ekilibre sa-a avèk nesosite pou nou asire ke tout elèv-yo resevwa plis opsyon plasman jadendanfan ki pi ekzakt.